

**IJAMBO RYASHIKIRIJWE NA PATIRI ANDREYA NKIZWANABAKE KURI UYU
WA GATANDATU 25/7/2020 IGIHE YASOMA IMISA Y'UMUKWANGURO**

- Nyenicubahiro cegera c'Umwungere wa Diocese yacu,
- Nyenicubahiro mushikiranganji w'Intwaro yo hagati mu Gihugu, umutekano n'iterambere rusangi,
- Nyakwubahwa muhanuzi wa Buramatari w'Intara yacu ya Cibitoke,
- Banyakwubahwa basaserdoti muvyagiye hano,
- Nyakwubahwa musitanteri wa Komine yacu ya Bukinanyana,
- Banyakwubahwa bihebey'Imana,
- Benicubahiro mwese, umwe wese mw'iteka n'amabanga yiwe,
- Bakristu mwese cane cane Banyakiruhura,

TUGIRE KRISTU...!!!

Abarundi bati: “Akuzuye ntikamurikwa”! Turi mu kanyamuneza kadasanzwe, akanyamuneza ko gukengeruka ivyiza vy'agatangaza Imana igirira umuntu na cane cane ko, uravye itandukaniro riri hagati y'Imana na twebwe abantu mu bweranda, usanga bigoye cane ko yokwitorera umuntu mutomuto nkanje, avukiye kure nk'aha ngo imuhamagarire kumurungika. Uko ndabitahura ntivyari gushoboka; umuririvyi nawe ati: “Ibidashobokeye abana b'abantu imbere yawe birashoka”!

Sinoreka gukenguruka kuko iryo banga narigabanye kubw'urukundo rw'Imana ari naco catumye nzirikana inyangira nyenda, ivyo Yohani Mweranda (we yagendanye na Yezu) atumenyesha agira ati: “Imana ni Rukundo” (1 Yohani 4, 8), ndaheza ntora icivugo kivuye muri izo nyandiko kigira kiti “Nimugume mu rukundo rwanje” (Jn15, 9), kuko uwugendeye muri urwo rukundo ico ari cose yaba umusaserdoti, umukristu, umunyepolitike, umudandanza n'abandi, rurangura ivyiza bimubera igitangaza mu buzima na kare ngo usaba umwiza mugasa, waganira n'umwami naho ukaba umutoni.

Reka nshimikire aho nyene kugira nkengurukire abari ngaha na cane cane ababamfashije gushika ngere aha:

1. Ubwa mbere ndakengurukira abavyeyi banje Imana icizigamiye bo kuva ndemwa ngashika kuri uru rugero bangumirije iteka nitekane, amahoro n'amahonda bakanyunganira gushika nshike aha, murabona ko na maze gushika kuri altari.
2. Ndashimiye cane abanyigishije na cane cane umwigisha yatwigisha mu mwaka wa gatandatu **BIYERUTUTSE Jean De Dieu** yaturemesheje cane twabona ko ukubandanya intebe y'ishure ari ugutakaza umwanya kiretse ko n'ibihe twacyemwo vy'intambara bitasiba kutuburagiza mbere n'imyaka imwe imwe ivy'ishure bikibagirwa. Urwo rugendo rwatanguriye ngaho hepfo, rubandaniza mw'Iseminari ntoyi yo mu ciya, rwungururiza muri Lycée Cibitoke, rubandaniriza muri Lycée Butara, ari naho nabonye ubwa mbere ico bita "Diplôme", ndaheza mbandaniriza m'Iseminari nkuru y'i Burasira, ubu naho imyaka ine yose yari iheza mba mu bumanuko bw'Uburundi mw'Iseminari nkuru y'i Kiryama muri Diyoseze ya BURURI.
3. Reka nshimire kandi ababanyi, abagenzi n'abandi bose twagiye turahurira muri ibi na biriya na cane cane abo twasangiye kurondera ubuzima, ndiko ndondera udukaye tw'ishure haba mu kwimba inzahabu, haba mu kubumba amatafari na cane cane amatafari y'iryo vuriro mubona aho hirya yacu. Aha sinzokwibagira iryenekerezo rya 3/8/2007, aho umusozi wari unzimanganije burundu, Umukama agakinga mu ruzi rwa Kaburantwa.
4. Reka kandi nshimire ku buryo bw'umwihariko abakristu bo mu Kiruhura n'ababunganiye:
 - ✓ Ubwa mbere kuri iyi ngori y'Imana bariko barasozera; mwabonye aho ikivi giteye, barakoze birashimwa, baritanze; siniyobagije gushimira abazimyamuriro babo babunganiye cane kugira bashike kuri iyi ntambwe, aha novuga Umushikiranganji w'Intwari yo hagati mu gihugu, Umushingamateka yahoze ari icegera ca kabiri c'umukuru w'igihugu, turabashimiye cane ko batwamiza ku muzirikanyi hamwe n'abandi bose badushitseko mukaba mubona ko bihimbaye turiko tuyitereramwo utuyvyino twagahimbare. Ihezagiwe vyohimbara kurusha!
 - ✓ Ubwa kabiri mw'itegura ry'uru rubanza, baritanze cane. Mu bo ntokwibagira, mu babunganiye cane, harimwo abakristu b'i Butara, Gihango, Masango, n'ahandi. Nshimire vy'umwihariko umuyobozi wa Lycée BUTARA, na nyakwubahwa umuhanuzi wa musitanteri yaraye atowe kuba musitanteri wa Komine yacu ya Bukinanyana.

Ubuzima ducamwo ni bwinshi, nico gituma n’Imana igusanga aho wibereye. Akarorero ntikari kure, Musa yamusanze iyo yigiriye kuragira mu gahinga, Umuhanuzi Amos na we nyene, kiretse n’abahakwa kunana kuko ngo ivyo batobishobora, novoga nka Yeremiya, Izaya n’abandi.

Nkiri muto ivyo bintu sinabica n’ikanda ubona ko n’ukubona umusaserdoti vyaba gake cane kabaho, sinavyitaho, umugambi wari ukuzokora nk’abandi, mbere ndibuka bahamagaye abipfuzwa kuja mw’Iseminari ntoyi, twavuye aha mu Kiruhura turi 16 ngira nti nuguta umwanya. Tugezeye bagira bati nta mu nyakiruhura yoba umupatiri, mu kwaha kw’igihugu! Ariko twakiriwe turi babiri muri abo, abo nije ndi umwe nashoboye kubandanya, mbere nomw’Iseminari ntoyi muri 30 twatanguranye, nije ndi umwe nabandanije.

Nsozereye amashure yisumbuye niho nazirikana ico arico umusaserdoti mu buzima, mbere numva ubwa mbere ijamba Yohani Mariya Vianney yavuze agira ati: “Ha guhura n’umumalayika wohura n’umusaserdoti kuko umusaserdoti azokwakira mu magara make yawe”. Nshizeko akanyamuneza gaterwa n’ubutumwa bwo gukiza imitima, niko guca nandika ikete mfashijwe na patiri JOSEPH, inyuma y’ikiganiro twagiranye na patiri Pierre aherutse kurenguka i BUKAMA. Ndashimiye rero n’abasaserdoti bose bamfashije n’abambaye hafi none ubu iryavuzwe rikaba ryatashe nkagabana ibanga ry’ubusaserdoti none tukaba turiko turabwigina, aho n’aho ntavuze ko mukanya kaza kuza tuza kuvuga tuti KIRA INYOTA MUGENZI, akamwemwe katwuzure.

Bashitsi mwese mwavuye hirya no hino, ni mwisange musanganye imitima umusa usesekarire ku mubindi, ni muruhukire ahakiruritse hitwa mu Kiruhura, ter’impundu abana batambire ku ntangaro kuko i Bukama hatamiranye ibatangaza bisesekariza akanyamuneza abakristu.

Sinogenda ntakeje abavukanyi mwese cane cane abigeze guca ahamu Kiruhura ku mvo zitandukanye ariko ku bwibikorwa batari baherutse kugaruka, ndababwire ko inzira ari nyabagendwa kandi hahimbaye na kare ngo akuzuye ntikamurikwa, ndakengurukiye n’abahashitse irya mbere nizera ko babonye ko atawokwitinya, turabahaye ikaze.

Ndashimiye cane abitanga ku neza y’abandi na cane cane abadufashije kugira iryo barabara rishobore gusa neza uko mwabibonye, ari naryo ryadufashije guhimbariza Umukama mw’ino ngoro y’Imana. Sinokwibagira kandi n’abadufashije kugira ngo turonke iryo vuriro n’ukwagura iryo shure.

Abarundi bati: “Uwabaye mwiza aba muzima”, ndabona ko abanya-Kiruhura ivyobafasha nk’amata, amazi meza mu miryango, mw’ivuriro, imashini nyabwonko zunganira

abanyeshure kuronka ubumenyi n’ugusanura iryo shure, ikibuga abana bakiniramwo, n’ibindi. Murababona ko twegereye ishure, ivyokwunganira abahaba mu mwimbu muke baronka, nk’agahinguriro k’inanasi n’ibindi. Nk’uko abanya-Kiruhura bitanze mu kwubaka ingoro y’Imana bashigikiwe n’abagenzi n’ababanyi babo, ariko bahimbarwa n’ugushigikirwa mw’iterambere na kare ngo “mu nda harara inzara hakazinduka inzigo”.

Nimusangwe ikaze mu KIRUHURA ahantu habereye akaruko, mu kiyaya hayaga ihemukiro, mbere mbonereho n’ugukosora uwanditse mu gitabu ca ndonda-bihugu no ku mbuga ngurukana-bumenyi we yanditse “Kirumura” aho kwandika “Kiruhura”.

Sindi kamena-mishike hano kw’ishure rya Kiruhura nk’uko babivuga ngo agafuni kanje ni kamena-mishike, ariko ni irya mbere ibirori nk’ibi bibereye hano! Rwaruka turabahaye ikaze! Mubona ntaberewe, mubona ntasa neza, ni muze imbere ni heza kugira ivyiza nk’ibi vyame bisaga iki gisata, ariko kandi murame munsabira kugira ngo name ngira nka Thomas w’i Acquino mweranda agira ati: **“Ese igikorwa cose cotangurira muri wewe kigasozererwa kuri wewe Mukama”**.

Akanyamuneza kotuma ntasozera aka kanya, ariko ngo akaryoshe ntigahora mw’itama, ndabakengurukiye mwese umwumwe wese kuba mwahevyeye ibikorwa vyanyu mukaza kudushigikira, mwakoze cane, na kare igikorwa co kuninahaza Imana twese duhuriza amajwi hamwe tugira tuti “Waraturemye utwiremera Mukama, umutima wacu ntushobora gutekana utaruhukiye muri wewe”!

NI musangwe iteka, akanyamuza n’ubuvukanyi ng’aha iwacu TUGIRE KRISTU...!!!